



**PENILAIAN TENGAH SEMESTER I SEKOLAH DASAR  
TAHUN PELAJARAN 2020 / 2021**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas : III (Tiga)

Hari, tanggal : Jum'at, 2 Oktober 2020  
Waktu : 07.30 - 09.00 (90 menit)

**Petunjuk umum**

1. Tulislah nama dan nomor pada lembar jawab!
2. Bacalah tiap-tiap soal dengan sebaik-baiknya!
3. Kerjakan lebih dahulu soal yang kamu anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaanmu sebelum kamu serahkan kepada bapak/ibu guru!

**I. Wenehana tandha ping ( X ) ing aksara a, b, c, utawa d kang koanggep paling bener ing lembar jawaban kang wis cumawis!**


**Wacanen kanthi pratitis!**

Pandhawa iku cacahé ana lima, mula terus kaprah diarani Pandhawa Lima. Puntadewa ya Yudhistira ratu ing Ngamarta minangka putra pambayun, watak ambeg darma lan nrima ing pandum sarta adoh ing hawa kamurkan.

Raden Werkudara ya Bima Sena gedhe dhuwur lan gagah prakosa kang nomer loro satriya ing Jodhipati. Raden Janaka satriya ing Madukara ya Kumbang Ali-ali kang kondhang ngganthenge, prigel lan trampil manah minangka panengahe Pandhawa, dene Nakula Sadewa mujudake satriya kembar kang uga duwe watak utama, ambeg darma, lan luhur bebudene. Wiwit cilik mula wis katon luhuring budi, seneng tetulung, welas asih marang sapa wong kang nandhang kasangsaran.

1. Irah-irahan wacan ing dhuwur yaiku ....
  - a. Werkudara
  - b. Pandhawa
  - c. Puntadewa
  - d. Wayang
2. Sing diarani pandhawa iku sedulur cacahé ... lanang kabeh.
  - a. Lima
  - b. Papat
  - c. Telu
  - d. Loro
3. Pandhawa ana sing kembar yaiku ... lan ....
  - a. Werkudara lan Bima
  - b. Nakula lan Sadewa
  - c. Puntadewa lan Yudhistira
  - d. Janaka lan Arjuna
4. Jeneng liya Raden Werkudara yaiku ....
  - a. Puntadewa
  - b. Arjuna
  - c. Nakula
  - d. Bima



5. Puntadewa iku putra kang ....
- a. ragil  
b. nomor loro  
c. mbarep  
d. tengah
6. Kasatriyane Raden Werkudara yaiku....
- a. Ngamarta  
b. Madukara  
c. Jodhipati  
d. Sawojajar
7.  Gambar wayang sisih kiwa iku Raden kang kondhang ngganthenge, yaiku ....
- a. Nakula  
b. Sadewa  
c. Werkudara  
d. Janaka
8. Yudhistira iku duweni watak ....
- a. ambeg darma lan nrima ing pandum  
b. prigel lan trampil  
c. ambeg darma, lan luhur bebudene  
d. gedhe dhuwur lan gagah prakosa

### Wacanen kanthi pratitis!



#### Biografi R. A. Kartini

Raden Ajeng Kartini iku putrine Raden Adipati Ario Sosroningrat lan M. A. Ngasirah sing lair ing Jepara tanggal 21 April 1879. Eyang Kartini iku Bupati kapisan kang menehi pelajaran bangsa Barat marang putra-putrine.

Nalika yuswane 24 taun, tanggal 12 November 1903 R. A. Kartini krama kaliyan Bupati Rembang yaiku K. R. M. Adipati Singgih Djojo Adhiningrat. Tanggal 13 September 1904 R. A. Kartini nglairake putrane, jenenge Soesalit Djojodhiningrat, nanging sawise patang dina lairan, Kartini seda ing yuswane 25 taun. Panjenengane disareake ana ing Desa Bulu, Rembang. Sawise Kartini seda, Mentri Kabudayan, Agama, lan Kerajinan Hindia Walanda yaiku Mr. J. H. Abendanon ngumpulake layang-layang kang dikirim dening Kartini marang kanca-kancane ing Eropa.

Sawise nglumpuk kabeh, layang mau digawe buku kanthi judhul Habis Gelap Terbitlah Terang. Saliyane iku, ing tanggal 2 Mei 1964, Presidhen Soekarno netepke tanggal 21 April minangka Dina Kartini lan ngetokke maklumat kang isine Kartini dadi Pahlawan Kamardikan Nasional.



9. Irah-irahan crita ing dhuwur yaiku ....
  - a. Hari Kartini
  - b. R. A. Kartini
  - c. Kartini Kartono
  - d. Surat Kartini
10. Pengetan Dina Kartini saben tanggal ....
  - a. 21 Maret
  - b. 21 April
  - c. 21 Mei
  - d. 21 Juni
11. R. A. Kartini pahlawan wanita asale saka ....
  - a. Rembang
  - b. Solo
  - c. Kudus
  - d. Jepara
12. R. A. Kartini iku putrane ....
  - a. Raden Adipati Ario Sosroningrat
  - b. Raden Adipati Arya Sosroningrat
  - c. Raden Adipati Singgih Adhiningrat
  - d. Raden Adipati Sosrodhiningrat
13. Nalika umur ... taun, R. A. Kartini seda.
  - a. 20
  - b. 30
  - c. 35
  - d. 25
14. 10 November pengetan dina ....
  - a. Pahlawan
  - b. Pendidikan
  - c. Kartini
  - d. Kamardikan
15. R. A. Kartini disareake ana ing ....
  - a. Jepara
  - b. Eropa
  - c. Rembang
  - d. Belanda

